ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚОҢЫРАТ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚЎНҒИРОТ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ

Қ А Р О Р И

№ 944/7 « 24 » Июль 2020-ж.й

2020-жылда Қоңырат мәмлекетлик тоғай хожалығының тоғай фонды жерлеринде өрт қәўипсизлигиниң алдын алыў илажлары ҳаққында.

Қоңырат районында экологиялық орталықты жақсылыў ҳәм тоғайларды көбейтириў ушын өрттиң алдын алыў, оған қарсы гүресиўди күшейтириў мақсетинда Өзбекстан Республикасының 2018-жыл 16-апрель күнги «Тоғай ҳаққында»ғы 475-санлы Нызамының 15, 17, 23, 34, 47 ҳәм 57-статьялары, Өзбекстан Республикасының «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 6-статьясына муўапық,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Қоңырат мәмлекетлик тоғай хожалығының тоғай фонды аймағында шешим нызамлы түрде күшке кирген күннен баслап, 2020-жыл 31-декабрьге шекем «Тоғайларда өрт қәўипсизлиги мәўсими» деп белгиленсин.

2. Қоңырат мәмлекетлик тоғай хожалығы баслығы А.Джадигеровқа, өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде тоғайларды қадағалаў жумысларын алып барыў;

- өрт қәўипсизлиги талапларының бузылыўының алдын алыў, тоғайлардың әҳмийети ҳаққында пуқаралар арасында кең түсиник жумысларын жүргизиў;

- тоғайларда өртке қарсы гүресиўге, жолларды таза услаўға айрықша итибар қаратыў;

- тоғайларға кирер орынларға арнаўлы ескертиўши белгилер қойыў ҳәм бар болған белгилерди қайтадан жаңалаў;

- тоғай фонды майданларында тәбийий ҳәм техникалық жағдайлардың алдын алыў, айрықша жағдайларда тийисли жергиликли ҳәкимият уйымлары, районлық айрықша жағдайлары, ишки ислер бөлимлери ҳәм басқа да кәрханалар менен биргеликте кешиктирип болмайтуғын илажлар ислеп шығылып, олардың орынланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

3. Қоңырат районы ҳәкиминиң орынбасары, мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими баслығы А.Ембергенов, районлық дийхан, фермер

хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери кеңесине өртке қарсы ис-илажлар көриў, тоғай фонды жерлери менен шегараласқан атызлардың әтирапларын, жап ҳәм салмаларды тазалаў ўақтында өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде қуўраған шөплерди жағып жибермеў, экологиялық орталықты жақсылаў бойынша жумысларды әмелге асырыў тапсырылсын.

4. Усы шешим районлық “Қоңырат ҳақыйқаты” газетасында ҳәм район ҳәкимлигиниң веб сайтында жәриялансын ҳәм жәрияланған күннен баслап күшке кирсин.

5. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң экология ҳәм Аралбойы аймағын раўажландырыў мәселелери бойынша биринши орынбасары А.Шабатовқа тапсырылсын.

Қоңырат районы ҳәкими: **К.Халмуратов**